

**DESAIN PANGAJARAN  
MACA JEUNG NULIS  
BASA SUNDA  
NGAGUNAKEUN MODEL NGAJAR CIRC**



**MAKALAH  
PENATARAN GURU BASA SUNDA  
DI PANGANDARAN 31 JANUARI 2009**

**KU  
DR. H. RAHMAN, M.Pd.**

**UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA**

**2009**

**DESAIN PANGAJARAN  
MACA JEUNG NULIS  
BASA SUNDA  
NGAGUNAKEUN MODEL NGAJAR CIRC  
ku Rahman \*)**

---

**Bubuka**

Dina ieu makalah ditulis alternatif format silabus, format RPP, jeung desain pangajaran maca jeung nulis basa Sunda SMA ngagunakeun CIRC. Dina format silabus diidentifikasi ngaran sakola (satuan pendidikan), mata pelajaran, kelas/semester, standar kompetensi jeung kompetensi dasar, materi lulugu, kagiatan diajar-ngajar, indikator (hasil nu dipiharep), tagihan, tehnik, jeung **instrumen** (evaluasi), waktu nu digunakeun pikeun narima teori jeung ngalarapkeun (praktek), jeung sumber nu dijadikeun rujukan / media **nu digunakeun**. Dina RPP ditulis satuan pendidikan, mata pelajaran, materi poko, kelas/semester, alokasi waktu, **standar** kompetensi, kompetensi dasar, indikator, tujuan pembelajaran, materi, desain pembelajaran, kagiatan diajar-ngajar, alat jeung sumber, sarta evaluasi. Mungguh desain pangajaran nyuguhkeun model pangajaran maca jeung nulis nu ngagunakeun model pembelajaran *Cooperative Integrative Reading and Composition (Koperatif Terpadu Membaca dan Menulis)*

***Desain Pembelajaran Maca jeung Nulis Basa Sunda SMA***

Desain mindeng disebut perencanaan atawa *planning*, nya eta hiji proses jeung cara mikir nu ngabantu nyiptakeun hasil nu dipiharep. Desain mangrupa kaputusan nu baris dilaksanakeun, nu biasana desain mah disusun kalayan logis, sistematis, rasional, tur bisa dibuktikeun bebeneranna. Komponen kagiatan nu aya dina desain raket palatina tur miboga sifat *resiprokal*, gawe bareng. Ku

lantaran kitu, dina desain disusun sajumlahing kagiatan sistematis nu bakal dilaksanakeun dina proses diajar-ngajar luyu jeung standar kompetensi jeung kompetensi dasar (nu dianggap tujuan) nu aya dina kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP).

Standar kompetensi jeung kompetensi dasar pangajaran basa jeung sastra Sunda dumasar kana hakekat diajar basa jeung sastra nya eta diajar komunikasi, ari hakekat diajar sastra nya eta diajar ngajenan ajén-inajén kamanusaan jeung ajén-inajén kahirupan. Atuh pangajaran basa jeung sastra teh ditujukeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh komunikasi, boh lisan boh tinulis, jeung pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngapresiasi sastra Sunda. Ieu hal luyu jeung program ngamekarkeun pangaweruh, kaparigelan, jeung sikep positif kana basa jeung sastra Sunda.

Standar kompetensi eusi pangajaran basa jeung sastra Sunda aya opat aspek: ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Dumasar kana standar kompetensi eusi tea lulusan SMA/SMK/MA dipiharep boga standar kompetensi lulusan anu mampuh ngaregepkeun, maham, jeung mere tanggapan kana rupa-rupa wacana lisan sastra jeung nonsastra, guneman, biantara, maca puisi, jeung maca prosa; mampuh nepikeun pamadeganku lisan; mampuh maham jeung mere tanggapan kana rupa-rupa wacana tinulis ku cara maca teks guneman, prosa, jeung puisi; sarta mampuh ngutarakeun pikiran, perasaan, jeung kahayang dina wangun **tinulis** (prosa jeung puisi).

Kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP), saperti kurikulum pendidikan samemehna, kurikulum fungsina pikeun guru jeung murid jadi padoman pangajaran di sakola. Ku lantaran kitu, guru samemeh ngajar diperedih nyusun desain nu ngawengku silabus jeung rencana pelaksanaan pembelajaran.

Ieu di handap ditulis alternatif format silabus, format RPP **jeung** model pangajarannya.

**Format Silabus****SILABUS**

Nama Sekolah: .....

Mata Pelajaran: .....

Kelas/Semester: .....

Standar Kompetensi: .....

Kompetensi Dasar: .....

Materi Pokok	Kegiatan Pembelajaran	Indikator	Penilaian (Jns Tghn, Teknik, Instrumen)	Alokasi Waktu		Sumber/ Media Belajar
				Teori	Praktk	
.....	.....	.....	.....	.....	.....	.....

Mengetahui  
Kepala SMA .....,.....  
Guru Mata Pelajaran Basa & Sastra Sunda,

.....

.....

## **Format RPP**

### **RPP (RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN)**

Satuan Pendidikan: SMA ...

Mata Pelajaran: Bahasa dan Sastra Sunda

Materi Pokok: Sejarah lokal/babad

Kelas/Semester: X/2

Alokasi Waktu: 2 x pertemuan (4 jam pembelajaran)

#### **STANDAR KOMPETENSI**

10.3 Mampu membaca, memahami, dan menanggapi berbagai wacana tulis yang berupa sejarah lokal/babad, puisi, novel, dan berita surat kabar/majalah/media elektronik.

#### **KOMPETENSI DASAR**

10.3.1 Sejarah lokal/babad

#### **INDIKATOR**

- ~ Dapat memahami isi wacana
- ~ Dapat memahami kedudukan dan peranan tokoh
- ~ Dapat memahami hubungan kausalitas antara peristiwa kesejarahan
- ~ Dapat memahami pertautan antartokoh, peristiwa dengan wilayah setempat
- ~ Dapat menyimpulkan isi teks (peristiwa sejarah)
- ~ Dapat menanggapi aspek-aspek sejarah lokal/babad

#### **I. TUJUAN PEMBELAJARAN**

Siswa dapat membaca, memahami, dan menanggapi wacana tulisan berupa sejarah lokal/babad tentang isinya, kedudukan dan peran tokohnya, hubungan kausalitas antara peristiwa dengan wilayah setempat, menyimpulkannya, dan menanggapi aspek-aspeknya.

#### **II. MATERI AJAR**

Paparan sejarah Sunda/cerita babad Majapait

### III. DESAIN PEMBELAJARAN

- A. Pendekatan Pembelajaran: komunkatif
- B. Metode Pembelajaran: langsung
- C. Teknik Pembelajaran: pancen, sawala

### IV. KEGIATAN BELAJAR MENGAJAR

#### A. Kegiatan Awal :

.....  
 .....  
 .....  
 .....

#### B. Kegiatan Inti:

.....  
 .....  
 .....  
 .....  
 .....  
 .....

#### C. Kegiatan Akhir

.....

#### D. Kegiatan Lanjutan

.....  
 .....

### V. MEDIA PEMBELAJARAN (Alat dan Sumber Pembelajaran)

- ~ Buku Pelajaran .....
- ~ Wacana Sejarah lokal/cerita babad Majapait

### VI. EVALUASI

- A. Jenis Tagihan: tugas, individu, kelompok
- B. Bentuk Instrumen: .....

Mengetahui

Kepala SMA .....,

.....

....., .....

Guru Mata Pelajaran Basa & Sastra Sunda,

.....

## Desain Pangajaran Maca jeung Nulis Basa Sunda SMA Ngagunakeun CIRC

**A. Kurikulum****Maca**

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
11.3 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berupa sejarah local atau cerita babad, puisi, cerita pendek dan berita dari surat kabar/majalah/media elektronik	11.3.1 Membaca sejarah local atau cerita babad.

**Nulis**

Standar Kompetensi	Kompetensi Dasar
11.4 Mampu mengungkapkan pikiran, perasaan dan keinginan dalam berbagai ragam tulisan yang berbentuk terjemahan atau aksara Sunda, surat, dan biaoografi	11.4.1 Menerjemahkan atau menulis aksara Sunda

**B Desain Pangajaran**

Pangajaran ngagunakeun model CIRC anu langkahna saperti kieu.

1. Guru ngabagi murid jadi **sababaraha** kelompok, unggal kelompok jumlahna 4 murid nu heterogen
2. Guru nepikeun wacana/teks ka murid sangkan dibaca. Teks materi lulugu babad Majapait.

**BABAD MAJAPAHIT**

Kacarios dina taun 1268 di Pulo Jawa palih wétan aya karajaan mashur, katelahna Karajaan Singosari. Rajana Sri Kertanagara. Ieu raja percantenan teuing ka padamel. Anjeunna kagungan putra istri opat jenenganna Tri Buana nu rarabi ka Radén Wijaya, Maha Déwi ka Radén Ardaraja, Prajna sareng Gayatri teu acan rarabi.

Raja ogé kagungan padamel anu dianakemaskeun, jenenganna Banyak Wide. Nanging Banyak Wide *mulang sengit* nu asih, *samiuk* sareng besan raja, Jaya Katwang (Raja Daha/Kediri) badé ngagulingkeun tahta raja tina karajaan. Saparantos kauninga rencanana, Banyak **Wide** dialihkeun ka Madura janten padamel Mahaaji, wakil Tumapel, ku raja dipaparin jujuluk Aria Wiraraja. Hubunganana sareng Raja Daha mah tetep lumangsung.

Raja Singosari sosobatan sareng Raja Kubilai ti Karajaan Tartar (Tiongkok). Sosobatan lami-lami teu sehat, malih Raja Kubilai kagungan maksud badé ngagempur Karajaan Singosari. Nanging henteu cios margi kapayunan diserang

ku Raja Daha nu disumangétan ku Aria Wiraraja ti Madura.

Taun 1292 Karajaan Singosari ngalih kana kakawasaan Raja Daha. Waktos Singosari diserang, raja sareng pangagungna harita nuju sukan-sukan teu malire kaamanan nagara. Raja mung ukur mancenkeun mantuna nu dua. Radén Ardaraja dipiwarang ngajaga puri, sedengkeun Radén Wijaya kalih pasukan kedah ngayonan musuh di palih kaler. **Tatandingan** henteu saimbang, ahirna Radén Wijaya, garwa, sareng pasukan nu kantun dua belas urang deui ngololos. Anu genep urang ngesto teras ka Radén Wijaya, kalebet putrana Aria Wiraraja (Sora, Nambi, Ranggalawe, sareng Gajah Pagen). Anu lolos **ngabujeng** ka Madura seja sumalindung ka Aria Wiraraja luyu pangajak putrana.

Radén Wijaya saporakanca ku Aria **Wiraraja** ditampi. Radén Wijaya nyuhunkeun mupakat ka Aria Mirararaja kersana palay ngarebut karajaan warisan nu dilindih ku Daha. Dumasar **mupakat**, Radén **Mijaya** sareng pangiring mulih ka Singosari, dikiatan ku serat siasat ti Aria Wiraraja. Eusi surat, Radén Wijaya supados dipaparin lahan tanah, maksadna badé **ngiring** kumawula ka nagara.

Sanaos sesah, nanging laksana ogé, Radén Wijaya ngabaladah muka lahan tanah garapan. Waktos muka éta garapan mendak tangkal maja anu buahna ngan sasiki-sikina tur *pait* rasana. Ti harita éta tempat dingaranan *Majapait*.

Saparantos Karajaan Majapait ngadeg, Aria Wiraraja *ngosol* ka Tiongkok kanggo ngagempur Singosari kalayan alesan badé bagi hasil. Singosari anu dirajaan ku Jaya Katwang **diserang** ku tentara Tartar sareng pasukan Madura. Raja katut patihna ditelasan.

Raja Tartar waktos badé nagih jangji ka Majapait perkawis putri *boyongan*, ku tentara Majapait *diayonan* dibantos ku pasukan Aria Wiraraja ti Madura, tentara Majapait unggul.

Karajaan majapait anu dirajaan ku Radén Wijaya tambah mashur, kakoncara ka mancanagara. Raja Radén Mijaya gentos jenengan Kertarajasa Jaya Wardana atanapi Brawijaya I. Aria Wiraraja diangkat **wakil** karajaan anu *ngereh* sabagian Karajaan Majapait ka beulah wétan. Sora, Nambi, Ranggalawé, Gajah Pagen, sareng nu sanesna nu ngiring bajoang sadayana kenging panaur ti raja, saluyu sareng jasa. Putri Sri Kerta Nagara anu saopatanana diangkat istri ku raja.

Sateuacanna raja pupus kantos miwarang ngadamel arca anjeunna. Éta arca ayeuna aya di Musium Arca di Jakarta.

Raja Majapait pupus taun 1309 Masehi.

#### *Keterangan:*

mulang sengit = males nu asih ku kagorengan  
 samiuk = sahate dina ngalampahkeun kagorengan  
 ngosol = ngolo kana jalan teu hadé  
 boyongan = musuh nu geus taluk  
 diayonan = dilawanan  
 mancanagara = nagara luar, nagara séjén  
 ngereh = ngajajah nagara  
 (Rahman, 1997: 41-42)



3. Murid maca wacana/teks pikeun neangan ide poko jeung mere tanggapan kana eusi wacana/teks dina wangun tinulis;
4. Murid macakeun hasil gawe kelompok;
5. Murid babarengan jeung guru nyieun kacindekan; jeung
6. Guru bacakeun kacindekan.

### **C. Hasil Diajar**

1. Murid mampu maca wacana/teks bari mampu neangan ide poko jeung mere tanggapan kana eusi wacana/teks dina wangun tinulis;
2. Murid mampu macakeun tulisan hasil gawe kelompok;
3. Murid mampu babarengan jeung guru nyieun kacindekan sacara tinulis.

### **D. Indikator Kahontalna Hasil Diajar**

- ~ maham eusi wacana
- ~ maham kalungguhan jeung peran tokoh
- ~ maham hubungan kausalitas antara peristiwa kasajarah
- ~ maham patalina antartokoh, peristiwa jeung daerah satempat
- ~ nyindekkeun eusi teks (peristiwa sejarah) sacara tinulis
- ~ mere tanggapan perkara aspek-aspek sajarah lokal/babad sacara tinulis

### **E. Kegiatanh Diajar-Ngajar**

1. Kegiatan Awal: motivasi, apersepsi, prates
2. Kegiatan Inti: Murid narima bahan bacaan, maca, nulis inti bacaan jeung kacindekan eusi bacaan.
3. Kegiatan Panutup: Murid nuliskeun kacindekan eusi bacaan
4. Lajuning Laku: Maca babad (ditanngtukeun ku guru)

### **Pabukon**

Rahman. (2006). *Desain Instruksional Bahasa*. Bandung: Alqa Print  
 Rahman. (2005). *Model Pembelajaran*. Bandung: FPBS UPI  
 Rahman, dkk. (1997). *Basa Sunda SMP Jilid 3*. Bandung: PT Humaniora  
 Disdik. (2006/2007). *Standar Kompetensi dan Kompetensi Dasar*. Bandung: Disdik

\*) Dr. H. Rahman, M.Pd. dosen FPBS UPI